

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kuantitatif kalawan métode kuasi ékspérimén. Nurutkeun Nazir, (2014, kc. 73), métode kuasi ékspérimén atawa disebut ogé ékspérimén semu, nyaéta hiji panalungtikan anu ngagunakeun kelas ékspérimén henteu make kelas kontrol. Métode kuasi ékspérimén dibagi tilu rupa, nyaéta 1) *one shot case study*; 2) *one group pre-test and post-test*; 3) *post-test only control group design* (Arikunto, 2013 kc. 124).

Desain anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta *one group pre-test and pos-test design*. Ieu panalungtikan dimimitian ku cara méré *pre-test*, satulunya ngalakukeun *treatment* sangkan ngalatih kamampuh siswa dina pangajaran nulis résensi pilem pondok kalawan ngagunakeun modél *Group Investigation*, tuluy dipungkas ku cara méré *post-test*. Desainna katitén saperti wangun tabel ieu di handap.

Tabel 3.1

Desain panalungtikan

Pre-test	Treatment	Post-test
O ₁	X	O ₂

(Arikunto, 2013 kc. 124)

Keterangan :

O₁ = *Pre-test* (kamampuh nulis résensi pilem pondok saméméh ngagunakeun modél *Group Investigation*)

X = *Treatment* pangajaran ngagunakeun modél *Group Investigation*

O₂ = *Post-test* (kamampuh nulis résensi pilem pondok ngagunakeun modél *Group Investigation*)


3.2 Sumber Data

Panalungtikan dilaksanakeun di SMA Negeri 15 Bandung anu lokasina aya di Jl. Sarimanis I, Sarijadi, Kota Bandung. Sumber data dina ieu panalungtikan téh nyaéta siswa kelas XII MIPA 7 SMA Negeri 15 Bandung Taun Ajaran 2021/2022 anu jumlahna aya 30 siswa, nu ngawengku 11 lalaki jeung 19 awéwé.

Patali jeung data anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta kamampuh nuli résensi pilem pondok dina unggal tés. Data anu kahiji nyaéta nalika *pre-test*, hartina ieu mangrupa kamampuh nulis résensi pilem posndok saméméh ngagunakeun modél *Group Investigation*. Nu kadua nyaéta dina *post-test* anu hartina, kamampuh nulis résensi pilem pondok sanggeus ngagunakeun modél *Group Investigation*.

3.3 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan mangrupa léngkah-léngkah anu baris dilaksanakeun dina panalungtikan sangkan leuwih sistematis. Prosedur panalungtikan nu baris dilaksanakeun téh kagambar dina bagan ieu di handap.



Bagan 3.1

Prosedur Panalungtikan

Sacara jembar, léngkah-léngkah anu baris dipilampah téh saperti ieu di handap.

- 1) Masalah anu karandapan dina pangajaran nulis

Saméméh ngalaksanakeun panalungtikan, panalungtik ngalakukeun wawancara guru Basa Sunda SMA Negeri 15 Bandung ngeunaan masalah atawa pasualan anu karandapan di kelas nalika diajar matéri résensi hususna di kelas XII MIPA 7 nyaéta siswa can parigel dina milih diksi nu merenah jeung can bisa ngagunakeun éjahan kalawan bener.

2) Rumusan Masalah

Sabada ngaidéntifikasi masalah, panalungtik ngarumuskeun masalah anu karandapan nyaéta kamampuh nulis di kelas XII MIPA 7 SMA Negeri 15 Bandung dina wangun kalimah pananya anu kudu dibuktikeun bebeneranana ku cara panalungtikan.

3) Raraga Tiori

Dina ieu raraga tiori dipedar ngeunaan tiori modél pangajaran *Group Investigation*, nulis résensi pilem pondok, jeung modél pangajaran *Group Investigation* dina pangajaran nulis résensi.

4) Ngarumuskeun hipotésis

Dina ieu hipotésis ngagunakun hipotésis alternatif, hipotésis nol jeung hipotésis statistik.

5) Ngarumuskeun instrumén

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta lembar téis tulis.

6) Ngumpulkeun data (*pre-test, treatment, post-test*)

Téhnik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik téis nu dilakukeun ka siswa kelas XII MIPA 7 SMA Negeri 15 Bandung. Tés dilakukeun dua kali nyaéta *pre-test* jeung *post-test*. *Pre-test* dilakukeun saméméh *treatment*, tujuanana pikeun mikanyaho kamampuh siswa saméméh ngagunakeun modél *Group Investigation*. Sedengkeun *post-test* dilakukeun sanggeus *treatment* anu tujuanna pikeun mikanyaho kamampuh siswa sanggeus ngagunakeun modél *Group Investigation*.

7) Analisis data

Pikeun nganalisis data *pre-test* jeung *post-test* anu geus aya, panalungtik ngagunakeun rumus-rumus statistik ngaliwatan aplikasi *SPSS PASW* ver 20 pikeun nganalisisna.

8) Nyusun Laporan Panalungtikan

sanggeus ngalakukeun tatahar, ngalaksanakeun panalungtikan, jeung nganalisis data, tahap ahirna nyaéta panalungtik nyusun laporan panalungtikan anu geus dilaksanakeun.

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun téhnik tés. Nurutkeun Misbahudin (2013, kc.17), tés mangrupa runtuyan patalékan atawa latihan anu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, *intelelegensi*, jeung kamampuh, atawa bakat anu aya dina diri individu atawa kelompok.

Téhnik tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data kamampuh siswa nulis résensi pilem pondok saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Group Investigation*.

Anapon léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina ngumpulkeun data nyaéta ieu di handap.

- a. Siswa dibéré tés awal (*pre-test*) pikeun ngukur kamampuh siswa dina nulis résensi pilem pondok saméméh ngagunakeun modél *Group Investigation*. Tés awal dilakukeun sapoé saacan pangajaran lumangsung, soal *pre-test* eusina luyu jeung anu geus disusun dina instrumén panalungtikan. Léngkah migawé soal, dimimitian siswa lalajo pilem pondok anu judulnna “Kapahung”, tuluy siswa kudu migawé soal anu geus disadiakeun salila \pm 15 menit, sanggeus kitu jawabanna dikumpulkeun poé éta ogé. Sanggeus mikanyaho hasil nulis résensi pilem pondok saméméh ngagunakeun modél *Group Investigation*, panalungtik nataharkeun naon waé anu dibutuhkeun nalika prosés pangajaran nulis résensi pilem pondok kalayan ngagunakeun modél *Group Investigation*.
- b. Nepikeun matéri nulis résensi pilem pondok kalawan ngagunakeun modél *Group Investigation* dina lumangsungna prosés pangajaran anu disebut *treatment (perlakuan)*. Dina prosés *treatment (perlakuan)* siswa diarahkeun pikeun nyieun \pm 6 kelompok, tuluy lalajo pilem pondok anu geus ditangtukeun perkelompokna, nyaéta pilem pondok anu judulna “Gumulung”, “Narawang”, jeung “Léngkah”.
- c. Sanggeus ngalaksanakeun *treatment*, siswa dibéré tés ahir (*post-test*) pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina nulis résensi pilem pondok sanggeus ngagunakeu modél *Group Investigation*.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Sugiyono (2018, kc. 102) Instrumén panalungtikan mangrupa hiji alat anu digunakeun pikeun ngukur fénoména alam atawa sosial. Instrumén panalungtikan kabagi jadi opat, nyaéta obsérvasi, *interview* (wawancara), kuésionér (angkét), jeung tés (Kuswari, 2010, kc.20).

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta lembar tés. Dina prak-prakana panalungtik ngalaksanakeun tés awal (*pre-test*) jeung tés ahir (*post-test*) pikeun mikanyaho pangaweruh siswa kelas XII MIPA 7 SMA Negeri 15 Bandung, dina nulis résensi pilem pondok saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Group Investigation*. Sangkan leuwih jéntré, ieu di handap kumpulan patalékan nu bakal diajukeun ka siswa.

Tabel 3.2
Instrumén Panalungtikan

<p style="text-align: center;">SOAL NULIS RÉSÉNSI PILEM PONDOK <i>(Pre-test)</i></p> <p>No. Absén :</p> <p>Kelas :</p> <p>Pancén</p> <p>Sanggeus hidep lalajo pilem pondok anu judulna “Kapahung”. Tuluy jieun résénsina kalawan merhatikeun struktur (Idéntitas Pilem jeung Résensi) ogé unsur intrinsik dina éta pilem pondok!</p>
<p style="text-align: center;">SOAL NULIS RÉSÉNSI PILEM PONDOK <i>(Post-test)</i></p> <p>No. Absén :</p> <p>Kelas :</p> <p>Pancén</p> <p>Sanggeus hidep lalajo pilem pondok anu judulna “Kapahung”. Tuluy jieun résénsina kalawan merhatikeun struktur (Idéntitas Pilem jeung Résensi) ogé unsur intrinsik dina éta pilem pondok!</p>

3.6 Analisis Data

Kagiatan nganalisis jeung ngolah data minangka cara anu dipaké pikeun nyangking jawaban tina pasualan anu ditalungtik. Ngolah data miboga tujuan pikeun mikanyaho hasil tina *pre-test* jeung *post-test*.

Aya sababaraha léngkah anu dilakukeun dina nganalisis data hasil kamampuh *pre-test* jeung *post-test*.

- a. Mariksa hasil karangan siswa tina *pre-test* jeung *post-test* dumasar kana aspek anu dipeunteun, saperti nu katitén dina tabéI 3.3 di handap.

Tabel 3.3

Rubrik Penilaian Nulis Résensi Pilem Pondok

No	Aspek anu dipeunteun	Kriteria	Skor	Bobot	Skor Maksimal
1.	Eusi	Tulisan ngawengku judul anu relevan jeung eusi, tafsiran, koméntar nu sopan jeung santun, ogé saluyu jeung prosedur résensi pilem pondok.	4 (Alus)	10	40
		Tulisan mung ngawengku tilu aspek eusi, misalna judul anu relevan jeung eusi résensi pilem pondok, tafsiran, jeung koméntar anu sopan jeung santun.	3 (Cukup)		
		Tulisan mung ngawengku dua aspek eusi, misalna judul anu relevan jeung tafsiran anu saluyu jeung eusi résensi pilem pondok.	2 (Handap)		
		Tulisan mung ngawengku saaspék eusi, misalna tafsiran anu saluyu jeung eusi résensi	1 (Handap Pisan)		

		pilem pondok			
2	Struktur Teks	Tulisan ngawengku opat struktur résensi pilem pondok lengkep, nyaéta idéntitas pilem pondok, sinopsis, kaonjoyan, jeung kahéngkéran pilem pondok.	4 (Alus)	6	24
		Tulisan mung ngawengku tilu struktur résensi pilem pondok, misalna idéntitas, sinopsis, jeung kaonjoyan pilem pondok.	3 (Cukup)		
		Tulisan mung ngawengku dua struktur résensi pilem pondok, misalna idéntitas jeung sinopsis.	2 (Handap)		
		Tulisan mung ngawengku hiji struktur résensi pilem pondok, misalna idéntitas pilem pondok.	1 (Handap Pisan)		
3	Kaidah Kabasaan	Tulisan ngawengku kaidah résensi pilem pondok saperti kecap anu merenah, kalimah anu merenah, konjungsi, jeung nyumponan aturan makena basa.	4 (Alus)	6	24
		Tulisan mung ngawengku tilu kaidah résensi pilem pondok, misalna aya kecap anu merenah, kalimah anu merenah, jeung konjungsi.	3 (Cukup)		
		Tulisan mung ngawengku dua kaidah résensi pilem pondok, misalna kecap anu merenah jeung konjungsi.	2 (Handap)		
		Tulisan mung ngawengku hiji kaidah résensi pilem pondok,	1 (Handap)		

		misalna kecap anu merenah.	Pisan)		
4.	Mékanik	Lamun tulisan geus cumpon kana aturan nulis; teu aya kasalahan éjaan, tanda baca, hurup kapital, jeung nataan paragrap.	4 (Alus)	3	12
		Lamun tulisan kadang-kadang aya kasalahan éjaan, tanda baca, hurup kapital, jeung nataan paragrap, tapi teu hambur ma'na.	3 (Cukup)		
		Lamun tulisan sering aya kasalahan éjaan, tanda baca, hurup kapital, jeung nataan paragrap, tulisan teu jelas, ma'na anu ngabaluwengkeun.	2 (Handap)		
		Lamun tulisan teu cumpon kana aturan nulis; loba kasalahan éjaan, tanda baca, hurup kapital, jeung nataan paragrap; tulisan teu kabaca	1 (Handap Pisan)		
Skor Maksimal				100	

(Nuryiantoro, 2014, kc. 439, Kalayan diropéa deui)

Méré peunteun jeung nganalisis hasil *pre-test* jeung *post-test* nulis résensi pilem pondok, kalawan ngagunakeun rumus:

$$\text{Peunteun} = \frac{\sum \text{Skor}(A+B+C+D)}{\sum \text{skor maksimal}} \times 100$$

Konvérsi Skor

Nilai	Katégori
80-100	Alus Pisan
66-79	Alus
56-65	Cukup
40-55	Handap
30-39	Handap pisan

(Arikunto,2013, kc.245)

- b. Ngasupkeun peunteun kana tabél ieu di handap.

Tabel 3.4

**Kamampuh Nulis Résensi Pilem Pondok Saméméh jeung Sanggeus Ngagunakeun
Modél Group Investigation**

No. Absén Siswa	Aspék anu dipeunteun				P	Kategori
	A	B	C	D		

Keterangan :

A = Eusi

B = Struktur

C = Kaidah Kabasaan

D = Mékanik

Katégori = peunteun $75 \geq$ siswa dianggap tuntas nulis résensi pilem pondok

peunteun $75 \leq$ siswa dianggap can tuntas nulis résensi pilem pondok

3.6.1 Uji Sipat Data

Dina uji sipat data bakal dilakukeun uji normalitas jeung uji hipotésis.Uji normalitas dilaksanakeun pikeun maluruh data anu geus aya téh normal atawa henteu. Sedengkeun uji hipotésis dilakukeun pikeun maluruh *dugaan* kana

kaputusan anu bakal dicokot dina hasil panalungtikan. data panalungtikan baris diolah jeung dianalisis ngagunakeun aplikasi *SPSS PASW* versi 20.

3.6.2 Uji Normalitas

Pikeun nangtukeun yén data téh mibanda sipay normal atawa henteuna, Sugiyono (2012, kc.76) nétélakeun yén hiji data anu ngawangun distribusi normal nalika jumlah data di luhur jeung di handap rata-rata nyaéta sarua, kitu ogé simpangan bakuna. Dina ieu panalungtikan uji normalitas ngagunakeun métode *Shapiro Wilk*. Ieu métode téh cocog pikeun sumber data anu kurang atawa di handap 50 urang sarta taraf kapercayaanna 95% ($\alpha=0,05$). Anapon dasar nyokot kaputusan dina uji normalitas téh saperti ieu di handap.

H_1 = data distribusi normal

H_0 = data distribusi teu normal

H_1 ditarima jeung H_0 ditolak, lamun nilai sig. (Signifikan) $\geq 0,05$

H_1 ditolak jeung H_0 ditarima, lamun nilai sig. (Signifikan) $\leq 0,05$

3.6.3 Uji Hipotésis

Nurutkeun Mustaqim (2017 kc. 38), dina nangtukeun uji hipotésis téh aya dua cara,saupama data hasil uji normalitas nunjukkeun hasil yén éta dta téh miboga distribusi data anu normal, ku kituna éta data téh dina nguji hipotésisna ngagunakeun statistik paramétris kalawan ngagunakeun *t-test*, sedengkeun saupama data teu miboga distribusi nu teu normal, ku kituna pikeun nguji hipotésisna ngagunakeun statistik non-paramétris kalawan ngagunakeun *Wilcoxon Match Pairs Test*.

Ditarima atawa henteuna hipotésis ditangtukeun ku hipotésis di handap.

H_1 (Hipotésis Alternatif) = aya bédha anu signifikan antara kamampuh nulis résensi pilem pondok saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Group Investigation* kelas XII MIPA 7 SMA Negeri 15 Bandung.

H₀ (Hipotésis Nol) = teu aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis résensi pilem pondok saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Group Investigation* kelas XII MIPA 7 SMA Negeri 15 Bandung.